**दिन–बुधवार** **दिनांक–06.08.2025**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

सर्वोच्च न्यायालय निर्वाचन आयोग के ओहि पैंसठि लाख मतदाता लोकनिक सूची उपलब्ध करेबाक निर्देश देलक अछि जिनकर नाम मतदाता सूचीक विशेष गहन पुनरीक्षण अभियानक अंतर्गत काटि देल गेल अछि। न्यायमूर्ति सूर्यकांत, न्यायमूर्ति उज्ज्वल भूईंआ आ न्यायमूर्ति एन. कोटेश्वर सिंह के पीठ आयोग सँ कहलक जे हटाओल गेल मतदाता लोकनिक विवरण नओ अगस्त धरि प्रस्तुत करथि। पीठ कहलक जे जे डेटा पहिने राजनीतिक दल सभक संग साझा कयल जा चुकल अछि ओकर एक प्रति मामिलाक याचिकाकर्ता एसोसिएशन फॉर डेमोक्रेटिक रिफॉर्मस् के सेहो उपलब्ध कराओल जाय।

---

निर्वाचन आयोग विशेष गहन पुनरीक्षण अभियानक प्रथम चरण के समाप्ति के बाद एक अगस्त के जारी मतदाता सूची के प्रारूप पर दावा आपत्ति लऽ रहल अछि। आयोगक विज्ञप्ति मे कहल गेल अछि जे आइ भोरे नओ बजे धरि प्रारूप सूची पर कोनहुं राजनीतिक दल दावा आपत्ति दर्ज नहि करौलनि अछि। ओतहि, आम मतदाता लोकनिक दिस सँ तीन हजार छओ सय उनसठि दावा आपत्ति कयल गेल अछि। उन्नैस हजार एक सय छियासी लोक सभ नव मतदाता के रूप मे पंजीकरणक लेल आवेदन कयलनि अछि। एहि मध्य आयोग स्पष्ट कयलक अछि जे जाहि मतदाता लोकनिक नाम प्रारूप सूचि सँ काटल गेल अछि हुनक सूचि सभ राजनीतिक दल सभक बूथ लेवल एजेंट के संग मतदान केन्द्र स्तर पर साझा कयल गेल अछि।

---

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी बाईस अगस्त के एक दिवसीय दौरा पर गयाजी आबि रहल छथि। उप मुख्यमंत्री सम्राट चौधरी एक सोशल मीडिया पोस्ट मे ई जनतब देलनि। प्रधानमंत्री कार्यक्रम के लऽकऽ आइ पटना मे एक उच्च स्तरीय बैसक भेल। श्री चौधरी जनौलनि जे

प्रधानमंत्री गयाजी सँ राज्य के कतेको विकास परियोजना सभक सौगात देताह आ एक जनसभा के सेहो संबोधित करताह।

———————————————————————————

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी आइ नव दिल्ली मे कर्तव्य पथ पर कर्तव्य भवन–तीन के उद्घाटन कयलनि। ओ नव भवन के निरीक्षण कयलनि आ ओकर विशेषता के विषय मे जनतब लेलनि। ई भवन सेन्ट्रल विस्टा परियोजना के हिस्सा अछि। एखन सँ किछु काल बाद प्रधानमंत्री एक जनसभा के संबोधित करताह।

———————————————————————————

मुख्यमंत्री नीतीश कुमार आइ पटना मे देशक प्रथम राष्ट्रपति डॉक्टर राजेन्द्र प्रसादक समाधि स्थल आ जे.पी. गंगा पथक मध्य दस एकड़ भूमि मे डॉक्टर राजेन्द्र प्रसाद विहार गौरव उद्यानक शिलान्यास कयलनि। **वेस्ट टू वंडर** थीम पर बनऽवला एहि उद्यानक निर्माण पर लगभग पन्द्रह करोड़ टाका के लागति आओत। शिलान्यासक अवसरि पर उप मुख्यमंत्री सम्राट चौधरी आ नगर विकास मंत्री जीवेश कुमार सहित कतेको गणमान्य लोकनि उपस्थित छलाह।

———————————————————————————

मौसम विभाग कहलक अछि जे बंगालक खाड़ी मे बनल निम्न दबाव के क्षेत्र आ चक्रवातीय परिसंरचरणक प्रभाव सँ आठ अगस्त सँ राज्य मे वर्षाक गतिविधि मे एक बेर पुनः तेजी आओत। एहि दरमियान राज्यक उत्तरी हिस्सा मे किछु ठाम भारी वर्षा हेबाक चेतावनी जारी कयल गेल अछि। एम्हर, विभाग आइ बांका, जमुई आ नवादा जिला मे किछु ठाम भारी वर्षा हेबाका चेतावनी जारी कयलक अछि।

———————————————————————————

प्रदेश सँ होयत जायवाली बेसीतर नदीक जलस्तर मे लगातार वृद्धि भऽ रहल अछि। केन्द्रीय जल आयोग सँ प्राप्त जनतबक अनुसार गंगा नदीक जलस्तर बक्सर सँ लऽकऽ भागलपुर धरि खतराक निशान सँ ऊपर बनल अछि। सोन नदी पटनाक मनेर मे, आ पुनपुन

नदी श्रीपालपुर मे खतराक निशान सँ ऊपर बहि रहल अछि। खगड़िया मे बागमती, कोसी, बूढ़ गंडक आ गंगा नदी लाल निशान सँ ऊपर बनल अछि। ओतहि, बागमती नदीक जलस्तर बेनीबाद मे खतराक निशान सँ ऊपर चलि गेल अछि। कोसी नदी खगड़ियाक बलतारा आ कुरसेला मे लाल निशान सँ ऊपर बनल अछि।

———————————————————————————

एम्हर, गंगा नदीक जलस्तर मे लगातार भऽ रहल वृद्धि सँ पटना, बक्सर, भोजपुर, मुंगेर, भागलपुर आ बेगूसराय जिला बाढ़िक चपेट मे आबि गेल अछि। जाहि सँ सैकड़ों एकड़ खेत मे लागल फसलि डूबि गेल अछि आ तेज बहाव के कारण आवागमन प्रभावित भेल अछि। एम्हर, खगड़िया जिला मे गंगा, कोसी आ गंडक नदी के उफान पर रहबाक कारण नव इलाका सभ मे बाढिक पानि पसरि रहल अछि। कटिहार जिला मे सेहो बाढिक स्थिति मे कोनो सुधार नहि अछि।

———————————————————————————

जदयूक पूर्व विधायक अनंत सिंह के पटना उच्च न्यायालय सँ जमानत भेटलाक बाद आई ओ बेउर जेल सँ रिहा भऽ गेलाह। ओ सात मासक बाद जेल सँ बाहर अयलाह अछि। बाद मे पत्रकार लोकनि सँ गपशप मे अनंत सिंह कहलनि जे ओ जदयूक टिकट पर विधानसभा चुनाव लड़ताह।

———————————————————————————

पटना स्थित बिहार संग्रहालयक दसम स्थापना दिवस काल्हि मनाओल जायत। एहि अवसरि पर बिहारक सांस्कृतिक विरासत के वैश्विक मंच पर प्रस्तुत करबाक लेल बिहार म्यूजियम बिनाले आइ भोरे हेरिटेज वॉक के संग शुरू भेल। एहि वॉक मे छओ सय सँ बेसी प्रतिभागी लोकनि भाग लेलनि। संग्रहालयक महानिदेशक अंजनी कुमार सिंह जनौलनि जे एहि वर्ष म्यूजियम बिनाले के थीम ग्लोबल साउथ अछि। ओ जनौलनि जे ई कार्यक्रम एकतीस दिसम्बर धरि चलत।

———————————————————————————

समाप्त भेल।